

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

ELÈV AP EKSPLORE OPSYON EDIKASYONÈL YO NAN FWA KOLÈJ NASYONAL LA KITE REYISI

Lekòl Leta Miami-Dade County te fè eksperyans yon lòt Fwa Kolèj Nasyonal mwa pase a ki te reyisi. Plis pase 10,000 elèv te gen opòtinite pou rankontre avèk reprezantan ki soti nan anviwon 200 kolèj ak inivèsite.



M-DCPS ANONSE ORÈ GRADYASYON POU 2017

Lekòl Leta Miami-Dade County pibliye dat, adrès ak lè gradyasyon li pou 2017. Seremoni gradyasyon yo ap fèt soti 31 me jiska 8 jen. Pou telechaje orè a, vizite http://pdfs.dadeschools.net/featured/grad_schd_17.pdf.

DAT POU NOU SONJE

- | | |
|---------------|--|
| 23 mas - | Fwa ak Ekspozisyon Miami-Dade County ouvri |
| 24 mas - | Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon |
| 10-14 avril - | Vakans Prentan |

M-DCPS AP RE-ENVANTE VIZAJ LI, VIN FÈ PATI TRANSFÒMASYON AN!

M-DCPS REFRESH

A NEW LOOK FOR 21ST CENTURY LEARNING



Konpetisyon pou Redesine Anblèm M-DCPS la ap byen mache. Plis pase 500 patisipan remèt anblèm yo e gen yon komite jij ki fè triyaj la. Vòt piblik la ap fèt an mas. Rete konekte pou detay e vizite <https://mdcpsrefresh.dadeschools.net/> pou dènye enfòmasyon yo.

ELÈV, ANPLWAYE M-DCPS SIPÒTE UNITED WAY

Lekòl Leta Miami-Dade County selebre yon lòt Kanpay United Way ki reyisi avèk 388 andwa ki atenn oubyen depase objektif yo. Elèv yo kolekte \$521,534 e anplwaye yo kolekte \$946,898 pou yon total \$1,468,432 pou ede moun ki gen plis bezwen nan kominote nou an. M-DCPS kontinye reprezante kanpay sistèm lekòl #1 nan peyi a, yon temwayaj pou kilti bonte ak sansiblite lidè l yo kreye. Meyè kanpay elèv yo te fèt nan lekòl sa yo: Lekòl Elemantè William Lehman, Lekòl Mwayen W.R. Thomas, North County K-8, Young Women's Preparatory Academy, Sant Edikasyonèl Adilt Hialeah, ak Miami MacArthur South.



KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU DEVWA

Ki apwòch Lekòl Leta Miami Dade County genyen sou devwa? Genyen anpil diskisyon lokal ak nasyonal konsènan efikasite ak nesite devwa. Twazan de sa, distri lekòl la te travay ak dilijans avèk edikatè, administratè, paran e Komite Konseye Patipasyon Fanmi ak kominote pou fòmile e mete ajou règ sou devwa yo. Li posib e enpòtan avèk aksan sou kalite olye de kantite e kompleksite olye de longè ak repetisyon. Nouvo règ la adrese tout timoun nan e li ofri elèv bon kantite tan pou devlopman fizik, kiltirèl, sosyal ak emosyonèl. Pou plis Kesyon ak Repons konsènan devwa, vizite <http://www.dadeschools.net/parents.asp>.

ELÈV LEKÒL SEGONDÈ M-DCPS KI MERITE SA TE FÈ EKSPERYANS 'PROM' YO TE REVE A

"Say Yes to the Prom Dress" (Di Wi Ou Vle Wòb Prom nan) rive nan Miami pou twazyèm ane Konsekitif pou ofri rad "prom" (bal gradyasyon elèv) soulye ak atik bay prèske 200 jèn fi defavorize e ki ap bay bon rezilta akademik, e pou premye fwa depi toutan – jèn gason yo. Yo te ofri elèv ki soti nan Lekol Segondè Booker T. Washington, Homestead ak Hialeah yon jounen "shopping" (acha) wòb, 'tuxedo,' atik ak sesyon bote bò kote direktè mòd TLC a Monte Durham.



PWOGRAM KONSEYE LEKÒL M-DCPS

M-DCPS detèmine pou l ofri aksè nan sèvis konsèy lekòl pou tout lekòl yo. Konseye lekòl yo se pwofesyonèl ki fòme nan sante mantal ki pare pou koute elèv e ofri entèvansyon pou fakte ki bay estrès sosyal e emosyonèl ki ka ralanti siksè elèv anndan e deyò salklas. Yo se yon pati entegral nan kominote lekòl la ki ap travay pou ede elèv, pwofesè ak paran, ak lòt pwofesyonèl lekòl. Pou plis enfòmasyon sou pwogram nou yo, silvouplè kontakte konseye lekòl pitit ou a oubyen Divizyon Sèvis Elèv la nan 305-995-7338.



ENSKRI KOUNYE A POU DEFI 5K SIPÈNTANDAN AN



Enskri kounye a pou 2yèm Defi Anyèl 5K/Kous pou Edikasyon pou benefisye lekòl leta Miami-Dade yo. Apre 5 Kilomèt la, ap gen yon kous yon "mile" (apeprè yon kilomèt) pou elèv lekòl elemanter yo. Pou enskri, vizite <http://bit.ly/2hRx3ao>. Dat limit pou enskri se 24 mas.

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

5 avril	10:00 dimaten	Sesyon Konferans: Zòn Prezans pou 2017-2018
	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye; Lekti Inisyal - Zòn Prezans pou 2017-2018
24 me	10:00 dimaten	Odyans Piblik pou Materyèl Enstriksyonèl
	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye; (Lekti Final - Zòn Prezans pou 2017-2018)

#INSIDELOOK AT M-DCPS

Ou enterese aprann konsènan Edikasyon timoun anbazaj, konseyan debaz sou finans, teknoloji, pwodiksyon Televizyon, biznis, ak pwogram syans sante yo ofri nan M-DCPS? Vin fè yon "#InsideLook" (Koudèy Anndan M-DCPS) nan vizite <https://www.youtube.com/playlist?list=PL7rDs9maBOHZy4kKq8KIF7FIbyK.Ze293>.

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Doktè Lawrence S. Feldman, Chèmann
Doktè Marta Pérez, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Steve Gallon III
Perla Tabares Hantman
Doktè Martin Karp
Lubby Navarro
Mari Tere Rojas

Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo

Sebastian M. Lorenzo
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a
Daisy Gonzalez-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon

